

# Tès Odisyon pou Tibebe ki Fèk Fèt

Tout tibebe yo ta dwe fè yon depistaj pou nouvo-ne nan zòrèy anvan yo gen yon mwa. Li enpòtan anpil pou idantifye pèt nan kapasite pou tande a byen bonè otank posib. Pandan tibebe ou an lopital la, li pral fè yon depistaj oditif. Genyen de fason ki posib pou fè depistaj oditif pou yon tibebe. Toude tès yo san danje, yo rapid epi san doulè epi yo jeneralman fè yo lè tibebe a ap dòmi.



## Emisyon Oto-akoustik la (OAE)

mezire "echo" a nan zòrèy entèn nan.

## Repons Oditif Otomatize nan Twon Serebral la (AABR)

mezire "echo" nan zòrèy entèn nan.

*Yo ta dwe ba w rezilta yo alekri pandan w nan lopital la ansanm ak rekòmandasyon yo.*



Pwogram Genomics and Newborn  
Screening  
Depatman Sante Indiana  
[www.NBS.in.gov](http://www.NBS.in.gov)  
telefòn 888.815.0006

Pwogram Deteksyon ak Entèvanasyon  
Bonè nan Zòrèy (EHD)  
Depatman Sante Indiana  
[www.Hearing.in.gov](http://www.Hearing.in.gov)  
telefòn 317.232.0972

# Kesyon ak repons sou depistaj la



**K.** E si tibebe m nan pa reyisi tès oditif la?

**R.** Sa pa nesèsman vle di tibebe ou an genyen yon pèt nan kapasite pou tande. Si tibebe ou an pa reyisi depistaj oditif la, lopital la pral refere w bay yon odyolojis espesifik nan zòn ou an ki kapab fè yon tès oditif pou tibebe ou an pou jwenn plis enfòmasyon. Li enpòtan pou tibebe ou an fè tès sa a. Manm pèsònèl EHDI nou an pral kontakte w pou ede w pandan tout pwosesis la.

**K.** Kisa k ap rive si yo idantifye tibebe m nan kòm yon tibebe ki soud oswa ki tande di?

**R.** EHDI, lòt òganizasyon ak pwofesyonèl yo pral soutni fanmi w pandan tout pwosesis idantifikasyon an, y ap bay sipò paran a paran nan pwogram Guide by Your Side la epi refere w bay First Steps, yon pwogram ki ka bay terapi ak lòt sèvis pou ogmante omaksimòm potansyèl timoun ou an.

Plis enfòmasyon? Tanpri vizite sit entènèt nou an [www.hearing.in.gov](http://www.hearing.in.gov) oswa Konsiltan Paran nou yo nan 317-232-0886 (LWolfe@isdh.in.gov) oswa 317-232-0888 (JSwaim@isdh.in.gov)

Pwogram Genomics and Newborn Screening  
Depatman Sante Indiana  
[www.NBS.in.gov](http://www.NBS.in.gov)  
telefòn 888.815.0006

Pwogram Deteksyon ak Entèkansyon Bonè nan Zòrèy (EHDI)  
Depatman Sante Indiana  
[www.Hearing.in.gov](http://www.Hearing.in.gov)  
telefòn 317.232.0972



Dirije kamera telefòn ou an nan kòd QR a pou jwenn aksè nan sit entènèt la:

